Хэкупсэ лъапIэныгъэхэр

2-нэ нап.

Щалэгъуалэр ягъэгушхуэ, яунэгI

2-нэ нап.

УсакIуэ, зэдзэкIакIуэ, къэхутакIуэ тельджэ

3-нэ нап.

Кърикъуар плъагъуну Iэфыщ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГъЭ ЛъАНДэРэ КъЫДОкI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВэМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№14 (24.452) ● 2023 гъэм мазаем (февралым) и 7, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

ПсынщIэу икIи зэщIэгъэуIуауэ

4-нэ нап.

ЦIыхухэм яIоущIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Урысей зэхъуэт» урысейпсо политикэ партым и гъэблэгъапIэм я щхьэ Iуэхущ екIуэлIахэм захуигъэзащ.

IУЭХУЭМ я нэхъыбэр зытеухуар псэупIэ, гъэзру инфраструктурэм епха щытыкIэ зэIумыбзхэрт. Псалъэм папщIэ, Iэдиику жылэм и уэрам зыбжанэм псы яшэн зэрыхуейм. Налшык щыщ Александровкэ хьэблэм и уэрамхэм я зым псы зэрыращэлIапхъэм епха унафи кIыщтащ результатэ и Iэтащхьэм.

КъыщынэмыщIауэ, Зеиихъэ хуэхуэажэм и Жылагъуэ советым и лъэIыкIэ, Iуэхур зи пщэ къыдэхуэ хуэлъэкъущIапIэхэм КIуэкIуэ Казбек унафэ яхуищIащ Къэзанокъуэм и уэрамым дыззырт илъэсым уэздыгъэ ирашэлIэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр хэтащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм. Абы щытепсэлъыхьащ 2022 гъэм «ЩIэнхабзэ» лъапкъ проектыр зэрагъэзащIамрэ 2023 гъэм къапэщылъ къаланхэмрэ.

ГъЭ кIуам «ЩIэнхабзэ» лъапкъ проектым трагъэкIуэдэн папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 351-рэ къыIэрыхьащ, абы щIыналъэ мылъкум щыщу сом мелуан 90 дыщIыгъужащ. А мылъкур хуаутIыпщащ «Культурная среда», «Творческие люди» щIыналъэ проектхэм. Зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ Дыгулыбгъуей, Ташлы-Тала, Александровскэ, Къамылыкъуэ, Аруан жылэхэм дэт щэнхабзэмкIэ унэхэр.

2022 гъэм Уэзрадж ЩIэнхабзэмкIэ и унэри къагъэщIэрэщIэжыну щIадзащи, мы илъэсым и кIэм нагъэсыну я мурадщ. Апхуэдэуи Налшык къалэ дащIыхьащ метр зэбгъузэнатIэ мин 1,5-рэ зи инагъ ЩIэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центр. НыбжьыщIэхэм я театрым и бжэхэр къызэIуахыжащ. Налшык, Анзорей, Прохладнэ дэт гъуазджэхэмкIэ сабий щколхэр зэрагъэпэщыжащ. КъыщынэмыщIауэ, апхуэдэ щколхэр хуэмурэ макъамэ IэмэпсымэкIэ, библиотекэхэмрэ музейхэмрэ иджырей мардэхэм изарэ иджыпсу щIэныгъэхэм папщIэ пщIэ лей ират. Гъэ къэс къуажэхэм дэт щэнхабзэмкIэ унэхэу нэхъыфIу къалэныгъэхэм субсидие хуэхъ. ГрантхэмкIэ зыщIагъакIуэ творческэ гупхэмрэ проектхэр щIэгъэуэн утыку къизыхьэхэмрэ.

2019 гъэм щегъэжьауэ республикэм щекIуэкI щэнхабзэ Iэзэхуэм къыхьырэ цIыхуэхэм я бжыгъэр хуэдищкIэ нэхъыбэ хуауэ. Ар къызыпэкIуэр, дауи, щэнхабзэмкIэ унэхэр зыхъуэ хуэзэу къызэрызэрагъэпэщыпрщ, цIыхуэхэр къыдахьэхыфын хуэдизу зэрылажьэрщ. Апхуэдэу зыхуей хуэзауэ щэнхабзэ Iэзэхущ IапIэу 364-рэ итщ республикэм. Ахэр театрхэрщ, музейхэрщ, библиотекэхэрщ, гъэзджэмкIэ сабий щколхэрщ, щэнхабзэмкIэ унэхэрщ, концерт щат утыкухэрщ.

2023 гъэм «ЩIэнхабзэ» лъапкъ проектым хуибыдэу Терескэм, Приближнэм, Ислъэмей къуажэхэм дэт щэнхабзэмкIэ унэхэр зрагъэпэщыжыну я мурадщ, Налшык Художественмкэ дэт школри зыхуей хуагъэзэнущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Iуэхущ IапIэхэм къызэратамкIэ

БгъэдыхьэкIэщIэхэмрэ Iэмалыфхэмрэ

Сенаторым къехъулIахэр

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и лыкIуэ - Урысей Федерацием и сенатор, ФедерацэмкIэ Советым Бюджетымрэ финанс IуэхуэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Ульбашев Мухьэрбий. Абы къызэщIикIуэжащ 2022 гъэм и бжыхьэ лэжьэгъуэм зэфIагъэкIахэр.

СЕНАТОРЫМ къыхигъэщащ, сенаторхэм я жэрдэмхэм я фIыгъэкIэ, иджы сымаджэщым щIохуэ сабийм и гъусэу, и адэр е и анэр пщIэнщэу медицинэ Iуэхущ IапIэм зэрыщIагъэлъэныр, нотариальнэ Iуэхухъхьэзэхэм я уасэр щхьэхуэу зэрагъэувыр, апхуэдэуи Iэщ щызэрахуэ щIыпIэхэм я кIэрыкуфбжьэрыкухэр зэрыдашыну щIыкIэр зэрагъэбелджылар.

- КъБР-м и Парламентыр сыт щыгъуи жыджэру законхэм зэрелэжьыр сызэригуапэр къыхэзгъэщыну сыхуейт. ФедерацэмкIэ Советым и зэхуэсхэм щыжалэ хабзэщ щIыналъэхэм къыхалъхьэ жэрдэмкэр зыхуэдизыр. Абыкъ Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIыналъэ нэхъ пашэхэм ящыщщ, ар псом хуэмыдэу зи фIыщIэр фыгъэ, фи Унафэщымрэ депутатхэмрэщ, - дыщIигъуащ сенаторым.

Ар къытеувыIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым бюджет ахъшэр тегуэшэныкIэ и комиссэмрэ бюджет зэхущытыкIэхэмкIэ Iуэхущ IапIищым я лыкIуэхэр зыхэт комиссэмрэ я лэжьыгъэм кирикIуами.

- 2023 гъэм и бюджетыр гугъущ, ауэ дыхущIэкъуащ щIыналъэхэм я бюджетыр зэгъэзэхуэным хуэхах дотацэм щIэрыщIэу хэплъэжьыну икIи ди республикэм ар мы гъэм процент 17-кIэ (сом мелард 18-м щIегъу) нэхъыбэу кърагащ нэгъабэрейм елъытауэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджет трансфертыр сом мелард 43-м мащIэу щIегъу. Къуажэхэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ 2023 гъэм республикэм хуэхахыну субсидиер законым халъхьа зэхуэхьныныгъэхэм я фIыгъэкIэ сом мелуани 180-м и пIэкIэ сом мелуан 490-м нэс хэхуащ, - жиIащ сенаторым. - Федеральнэ бюджетым къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхущ IапIэхэм я уху нэхъыбэхэри къызэрагъэпэщынущ, ахэр и чэзум ятыну я мурадщ. Абыхэм ящыщщ «Театрхэм я уардэунэр», республикэ онкологие сымаджэщыр, Налшык къалэм и поликлиникэ №1-р, спортивнэ комплексэр школ зыбжанэрэ.

Ульбашев Мухьэрбий къыхигъэщащ, гугъуехьхэм емылъытауэ, 2022 гъэм зи илъэси 100-р зыгъэлъэпIа Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ ар лъэхъэнэщIэм щыхэвэз, щIыналъэм и экономикэ зыужьыныгъэм гъэбелджылыныр я къалэнхэр ягъэзэщIэныр зэрегугъум пащIэ.

Егоровэ Татьяни фIыщIэ псалъэкIэ Ульбашев Мухьэрбий зыхуигъэзащ, республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и лэжьыгъэр фIыуэ къызэрилытам къыхэкIыу икIи адэкIи зэдзлэжьэну зэрыщыгугъыр дыщIигъуащ.

Ди къуэш республикэхэм

Тхыдэм и напэкIуэцI

АДЫГЕЙ. **Республикэм и Лъапкъ музейм къыщызэIуахащ «Адыгея 1943: шаги к Победе», гъэлъэгъуныгъэр. Ар теуухащ адыгэ хэгъэгу нэмыцэ зэрыпхъуэкIыгэхэм къызэрыIэщIахьжрэ илъэс 80 зэрырикъум.**

ГъЭлЪэГъУЭНЫГъЭМ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэ куэд щызэхуэхьэсащ. ПсомкIэ къахощ Мейкъуапэ дэса танкист Вавиловым хуагъэфэщауэ щыта «Хахуагъэм папщIэ медалыр. Езыр 1944 гъэм хэкIуэдащ, и дамыгъэ лъапIэр Канадэм къыщагъэутыжри, и хэкум кърахьажауэ аращ.

Адыгейм фашистхэр ирахужьи щIадзащ 1943 гъэм и щышылъэм. А мазэр иухыху республикэм и щIыналъэ зыбжанэм бийр дахужат, адрейхэми мазаем и пэм нэхъ щыгувакъым. 1943 гъэм мазаем и 18-м щIыналъэр «ягъэкъэбзэжат».

Зауэр щекIуэкI илъэсхэм Адыгейм икIри цIыху мин 80 зэуапIэ губгъуэм ихьащ, абыхэм ящыщу мин 33-р хэкIуэдащ. Къанэ щымыIэу зауэлIхэм дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ, цIыху 59-м «Совет Союзым и ПIыкIыжь» щэ лъапIэр къыфIащащ е ЩIыкIым и орденым и кавалер нэс хъуащ.

НЭщIэПЫДЖЭ Замир.

Республикэм и бюджетым зэрыхэхъуам къыхэкIыу

КIуэкIуэ Казбек социальнэ унэтIыныгъэм хыхьэу япэ игъэщыпхъэ, щIыналъэ кIуалыкъущIэхэм я гулъытэ нэхъыбэ зыхуэфащэ Iуэху щхьэхуэхэм ятеухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ зауэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуным, республикэм и спортсменхэм ират ахъшэм хэгъэхъуэным, узынщагъэр хъунэн IэнатIэм щIыхуэхэм япэ дэIэпыкъуныгъэ щыхлажь язныкъуэ медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэм хущIыгъуным, апхуэдэуи сабий къалъхуам папщIэ мазэ къэс ят пособиер гъэувыным, ар зэрыратым теухуа Iуэху гъэуэхэм.

ЗЭIУЩIэМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Мусуков Алий**, абы и къуэдзэ **Хъубий Марат**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд,** республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ, спортымкIэ министрхэу **Асанов Алимрэ Хьэсанэ Исламрэ**.

Мусуков Алий и гугъу ищIащ мобилизацэм хэхуахэм республикэ бюджетым къыхэкIыу зэрыратрагъэжьащ, мазэ къэс абыхэм ират ахъшэр щызэпыуа къызэрымыхъуам. Зауэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуным теухуа Iуэхуэр ар къыщежьа махуэм щыщIэдзауэ республикэм щрагъэкIуэкI.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд тепсэлъыхьащ мобилизацэм хэхуахэм я хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэпсауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм. Дзэм езыджэ комиссэм и унафэкIэ сабиищ е нэхъыбэ зиIэ, апхуэдэуи зи узынщагъэкIэ къимыкI цIыху 70-м кърагъэзэзэжащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ 2022 гъэм и гъатхэпэ мазэм зауэ Iуэху щхьэхуэм теуухуаеу къызэрагъэпэщауэ лажьэ гупым зэфIагъэкIахэр къиГъэнэIуащ Хъубий Марат. Дзэм къулыкъу щызыщIэхэм ират дэIэпыкъуныгъэхэр бюджет мылъкум къищынымыщIауи, нэгъуэщI лъэныкъуэхэмкIи къащыIэрохьэ. Мобилизацэм хэхуахэм КъБР-м и Правительствэм и ГъэтIылъыгъэ фондым къыхэкIыу сом мелуан 40 хухахащ. ЩIыгъынкIи, техникэкIи, хьэпшып зэхуэмыдэхэмкIи ГъэтIылъыгъэ хъарзынэхэр щыIэщ, абы сытым дежи кIыхэхъуэурэ йокIуэкI. Зауэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэхэм хурагъаша дэIэпыкъуныгъэхэр дзэ унафощIхэм я зауэва хабзэхэм тету къызэрагъэпащ. Жэпуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ гуманитар дэIэпыкъуныгъэу тонни 100-м щIигъу ирагъэшащ. «Новая высота» дзэ-псэкупсэ фондымрэ «Ни шагу назад» щIыналъэ жылагъуэ зэгухэзнэгъэмрэ я фIыгъэкIэ, зауэлIхэр здащIыз щIыпIэхэм тхьэмахуэ къэс лъэIэс я унагъуэхэм хуагъэзэпшыпхэмрэ гъэмылъэкIмрэ, апхуэдэуи еджакIуэхэм хуатх письмохэр. Сабий зиIэхэм къэралым зэрызэщIигъакIуэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэр унагъуэм иIэ хэхъуэр абы щIэсхэм ятегушауэ зэрахуэхъум тещIыхьауэ ират. КъБР-м и Iэтащхьэм 2022 гъэм и дыгъэгъазэм Iэ зыщIидзэ унафэм ипкъ иткIэ, мобилизацэм хэхуахэм мазэ къэс ират ахъшэр хабжэркъым социальнэ дэIэпыкъуныгъэр зэрытрагуашэ хэхуэм. КъищынэмыщIауэ, абы щыгъуэм яубзыхуауэ щытащ мобилизацэм хэхуахэмрэ я унагъуэхэмрэ ЖКХ-мкIэ ятелъ щIыхуэр зэратыжыну щIыкIэри. Апхуэдэуи а унагъуэхэр зыхуэныкъуэ нэгъуэщI дэIэпыкъуныгъэхэри хуащIэ. Абыхэм щхьэщхащ сабий гъэсапIэхэм ират пщIэр, еджакIуэхэр пщIэнщу щыкIи пщтырикIэ ягъашэ, хуей хъуэм, санаторэхэм ягъакIуэ. Бззэрым и пщIантIэм къащыщIэуэ хущIагъэ гуманитар дэIэпыкъуныгъэр щызэхуахьэс пункт, жэрдэм зиIэ дэтхэнэ зи хуэзэпIэкIкIэ защIигъэкъуэфынущ. Республикэм къыщыдэкI газетхэм «Псори текIуэнгъэм папщIэ», «Дыгъэкъуэту» рубрикхэм щIэту ди щIалэхэм я зэфIэкIыр, лIыгъэр къыщыгъэлъэгъуэжа тхыгъэхэр дяпэкIэ къытрадзэу щIадзэнущ. УФ-м и Президентым пщэрыпъ къаззрыщIащам ипкъ иткIэ гуп щхьэхуэ йолэжь зауэлIхэр зыхэт телепельэмыжь мыгувэу къызэрагъэпэщыным.

КъБР-м и Iэтащхьэм унафэ ищIащ республикэм щыщ зауэлIхэм хуагъэхъэзыра гуманитар дэIэпыкъуныгъэр зэрырашэжьэнум ямыгъэгувэу хуагъэхъэзэырыну. КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ яхуищIащ зауэ Iуэху хэхам хэт щIалэхэр дэIэгъэныкIэ дэIэпыкъуэгъу хъу дэтхэнэ зыми. «Ди щIалэхэр нобэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхум пэрытщ, ар псоми къыдгурыIуэн хуейщ», - къыхигъащащ республикэм и Унафэщым.

Республикэ бюджетым зэрыхэхъуам, щIыналъэ налогым къит хэхъуэр нэхъыбэ зэрыхъум я фIыгъэкIэ социальнэ Iэнатl эм и лэжьакIуэхэм хуащI гулъытэри хэпщIыкIыу ефIэкIуащ. КъБР-м и Iэтащхьэм Iэ щIидзащ зэхьэзэхуэхэм увыпIэрэ къыщыхьыжа спортсменхэм псоми зэрагъэгушхуэу ират ахъшэм хуэдиткIэ зэгъэхъуэным теухуа унафэм. Къахьа увыпIэм елъытауэ спортсменхэми абыхэм я гъэсакIуэхэми ират ахъшэр сом мин 40-м щегъэжьауэ мелуани 2-м нэсынущ. Хьэсанэ Исламэ къыжигъэщащ нэхъапэкIэ апхуэдэ ахъшэхэр ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза спорт лIэужьыныгъэ зыбжанэмкIэ яту зэрыщымытар. А зэхъуэкIыныгъэхэр псори унафэ щхьэхуэу къагъэлъэгъуащ. «Апхуэдэ щыкIэкIэ, спортым екъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьа дэтхэнэ зыми хуэфащэ гулъытэ иджы хуэтщIыфынущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ язныкъуэ медицинэ лэжьакIуэхэм я хъуэм зэрыхудыщIагъуныну. Мусуков Алий жиIащ ар УФ-м и Президентым и пщэрыпъкIэ Урысейм и Правительствэм 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ 2023 гъэм щышылэм и 1-м щегъэжьауэ ятын зэрыщIадзар. Я улахуэхэм хущIагъэхэр республикэм щыщ медицинэ лэжьакIуэ 6269-м яIэрыхьэнущ. А Iуэхум хуаха сом мелуан 671-р федеральнэ бюджетым кIыхэкIащ. Абы къищынэмыщIауэ, а унафэм хэмыхуа медицинэ лэжьакIуэхэм щIыналъэ бюджетым къыхэкIыу я улахуэм дащIыгъужьыну щIэхэмкIэ зыгъэгушхуэм хуитыныгъэ ирата. КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ апхуэдэ ахъшэхэр яIэрыхьэнущ медицинэ щIэныгъэ ямыIэу район сымаджэщхэм, поликлиникэхэм, Онкологие диспансерым щIэхэм (биологхэм, лаборантхэм), «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и шофёрхэм, IэнатIэм и кIабзагъэм кIэлъыплъхэм. А Iуэхум трагъэкIуэдэ-нущ республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 90 икIи абы къызэщIагъэубыдэнущ щIыху мини 2-м нэблагъэ. Псори зэхэту узыншагъэр хъумэн IэнатIэм и лэжьакIуэ мини 8-м нэблагъэм я улахуэхэм дэщIыгъуэныныгъэ щхьэхуэхэр хуащIынущ. КIуэкIуэ Казбек унафэ ищIащ псоми зэгъу-сэу ахъшэхэр (федеральнэри щIыналъэри) яIэрыхьэн папщIэ абы и лъэныкъуэкIэ зыхуей дэфтэрхэр и чэзум ягъэхьэзырыну. «Федеральнэ мылъкум къыхэкIыу щIышылэ мазэм иратыну дэщIыгъуэныныгъэр, зэрарубыкъам тету гъатхэпэм и кIэм иIэрыхьэнущ», - жиIащ премьер-министрым. «ЦIыхухэм я дежкIэ ар дэIэпыкъуэгъу къарзынэ хъунущ», - дыщIигъужащ КIуэкIуэ Казбек.

Сабийхэм папщIэ адэ-анэхэм ират пособиехэм ятеухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ Асанов Алим. «2002 гъэм социальнэ ахъшэхэр яIэрыхьащ унагъуэ мин 89-м, сабий мини 123-м хуэзэу сом меларди 10,6-рэ ятащ. Унагъуэхэм мылъкукIэ зыщIагъакIуэхэр щIадзэ цIыхубзым и уэндэгъуГэр мазитI щыхъуи щегъэжьауэ сабийр илъэс 18-м нэблагъэхуэIэ. Дэ ди къалэныр Пенсэ фондым и гъусэу догъэзащIэ. Сабийм и ныбжьыр илъэси 8-м щегъэжьауэ 17 хъухукIэ ират пособиер Пенсэ фондым къыбгъэдокI. Мы гъэм социальнэ пособиехэм сом мелард 24-м нэблагъэ хухахащ. Абы щыщу сом меларди 10-м щигъур министерствэм къыбгъэдокI. Къапщтэмэ, щIышылэ мазэм сабий 66 400-м хуаутIыпща мылъкур сом мелуан 909-рэ мэхъу», - жиIащ Асановым.

«Нужьрей илъэсхэм социальнэ пособиер ягъэуващ. Цыхур псэун папщIэ зыхуэныкъуэ ахъшэр зэрыхъум елъытауэ. Ику иту къяралым щагъэуа сабий ахъшэр сом 13 944-рэ мэхъу. Къапщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыщу апхуэдэ ахъшэ нэхъыбэ щатыр Къэбэрдей-Балъкъэрыру - сом 16 769-рэ мэхъу», - жиIащ Мусуков Алий.

Республикэм и Iэтащхьэм къыхэгъэщащ УФ-м и Президентым къищта унафэр бынунагъэушхуэм я дежкIэ щIэгъэкъуэныкIыхуэу зэрыщытыр. «ЦIыхубзым и уэндэгъуГэм и дежкIэ щегъэжьауэ абы и сабийр балигъыпIэ иувэхукIэ унагъуэхэм мылъкукIэ зыщыщIагъакIуэ нэгъуэщI къэрал сэ сыщыгъуэзэкъым», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м и Iэтащхьэм щщэрылъ ящиущащ зэIущIэм къыщыгалэта Iуэхугъуэ псори ткIийуэ я нэIэм щIагъэтыну икIи къыхигъащащ социальнэ Iэнатl эм и лэжьакIуэхэм я хэхъуэр нэхъыбэ зэхъуэкIыныгъэфIхэм я лъэхъэнэу мы илъэсыр зэраублэр. «Зэредгъэжьам хуэдэу едгъэфIакIуэу ди лэжьэгъэр дгъэзэщIэнущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

● «Адыгэ псалъэр» къыхыхьох

Бзэр зымыщIэр, хабзэми пэIэщIэщ

«Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэхэм псоми сэламым я нэхъ гуапэр фызох! Фи гур здэщыIэм фи Iэр лъэIэсу Тхьэм фигъэпсэу! Фыуэшыщу фи лэжьыгъэм Тхьэм хуэдэ фыпэрыгъэт. Дэри «Адыгэ псалъэм» дыкъеджэныр насып кIыхь Алыхьым тхуищI. Адыгагъэ зыхэлъ дэтхэнэ зыми сохъуэхъу илъэсыщIэ къихьамкIэ, Тхьэм я гъащIэм къихупщэ, газетыр я Iэпэгъуэ, абы итхэм щыгъуазэ защIыным нэхъри нэхъ гупсыкъэ ямыIэу, гуныкъуэгъуэншэу дунейм тетыну си гуапэщ.

ПСОРИ дыззрыщыгъуазэщи, «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ ди бзэкIэ газету къыдэкIыр. Сэ сыадыгэщ жызыIэ дэтхэнэ зыми и стIолым телъын хуейщ ар. Дауэ уемыджэу плъэкIын? Цыхур сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей защIэщ абы къытехуэхэр. Хэт и гугъэт хамэ къэрал щыпсэу ди къуэшхэм, ди шыпхъэхэм я хьыбар газетым къытехуэну? Ди сэлам гуапэхэр яхудогъэхь абыхэми, гъэ дызытехьар яхуэфIын Алыхьым ищI!

НэхъыщIэхэм захуэзгъэзэнут. Фи нэхъыжьхэм фыщцехъэхъукIэ, я гуапэ тщIынщ жыфIэмэ, мис, мы «Адыгэ псалъэм» Iэ яхутведзэ хъунущ. Къуажэхэм дэсщ хьэрычэтыщIэ куэд, псапэ къэтхьащэрэт, жаIэу. Абыхэми ардыдэр яхуэфIэкIынущ. Анэдэлъхубзэр дывгъэхъумэ, ди щIалэгъуалэм я пащхьэ нэхъыбэрэ ди бзэмкIэ дыщыщIэпсалъэ. Ар къытрIэмыуэхуу хъунукъым. Сэ слъэкIамэ, сабий садми школми еплIанэ класс пщIондэ ди бзэмкIэ щеджэну унафэ къещтэнт. Ди япэкIэ дгъэжа мывэм демыльэпэуэжьи хуэдэу, девгъэгупсыс абы.

Бзэр зымыщIэм, хабзэри ищIэнукъым. Ди къэзрыпхъу-пхъурыпхъухэм цIыкIуу адыгэбзэр зрагъащIэри, абы ирипсалъэу макIуэ сабий Iыгъыпэхэм, школхэм. Ауэ щIэхьи ящогъупщэж. Дэ школым дыщыщIэса зэманым нэгъуэщI лъэпкъхэм къыхэкIауэ къыддеджэжэм зрагъащIэу щытащ ди бзэр. Ноби абыхэм дахуэзэмэ, дызэрызэпсалъэр адыгэбзэщ. Иджы зыри зыми хуэмеижь хъуэ хуэдэщ!

Си гукъеуэр жыслIэу аращ. Си фIэщ мэхъу газетджэхэм я гупсысэр къызэрызадыгъынур. Узынщэ Тхьэм фищI!

АХЪСОР Iэнибал,
лэжьыгъэм и ветеран,
Тэрч къалэ.

● Жылагъуэ

Хэкупсэ лъапIэныгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм Iэдэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iэухуэхэмрэ волонтёр зэщIэхъееныгъэхэмкIэ и Къудамэм иужьрей лъэхъэнэхэм гулъытэ хэха зыгъэут, къэралри жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри зэхуэдэу зыгъэпIейтей хэкупсэ гъэсэныгъэм ехьэлIа Iэхуэгъуэхэм теухуауэ иджыблагъэ «Iэнэ хъурей» иригъэкIуэкIащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм къыззригъэпщащ «Iэнэ хъурейм» щытепсэлъыхьащ Урысейм щыпсэу ныбжьыкIэхэм я хэкупсэ-щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ хьумэным икIи зегъэужьыным ехьэлIауэ 2022 гъэм щэкIуэгъуэм и 9-м УФ-м и Президентым кьищта и Унафэр зэрагъэзэщIэнум, абы папщIэ щIыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэхэр зыхуэдэм, абыхэм я мыхьэнэмрэ унэтIыкIэ хъунымрэ епха Iуэхугъуэхэм.

«Iэнэ хъурейм» и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и министерствохэм, къулыкъущIапIэхэм, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ пыщIа IуэхущапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, КъБР-м и щIыналъэхэм щылажьэ Жылагъуэ палатэхэм я унафэщIхэр, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ волонтёр зэщIэхъеенысгъэхэмкIэ комиссэхэм я лIыкIуэхэр.

- «Iэнэ хъурейм» дыкъыщыщIыззхуэсар ди щIыналъэм щыпсэу ныбжьыкIэм я хэкупсэ-щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм я Iуэху зытетым и щхьэр течауэ дытепсэлъыхьи, абы хуэгъэзауэ тхуэзэфIэкIынур зыхуэдизыр нахуэ къэтщIын щхьэкIэю. Ди щIыналъэм щIалэгъуалэм теухуауэ иригъэкIуэкI политикэм лъабжьэ щыхуэгъэтIылъа хъуащ. Абы ипкъ иткIэ къэралым и нэIэ щIэту Iуэхугъуэ куэд щIыпIэхэм щекIуэкIынущ. Апхуэдэу щыт пэтми, жэрдэмхэр зэрагъэзащIэ щIыкIэм, абыхэм епхуэу екIуэкI лэжьыгъэм кIэлъыплъын, я фIагъымрэ гъащIэм хэпща зэрыхъуамкIэ зыгуэрым жэуап пыухыкIа ихьын хуэйщ, - жиIащ Жылагъуэ палатэм и унафащI **Берд Хьэзрэтэлий**. - Жылагъуэр гуп зэмылIэужьыгъуэ куэду зэхэтщ, дэтхэнэми лэжьыгъэ щхьэхуэхэр ядэгъэкIуэкIыну ди къалэным хохьэ къанэ щымыIэу псоми дадэлжьэну. ЩIалэгъуалэ политикэм сыт хуэдиз фIыгъуэ къызэщIиубыдэми, нэхъыщхьэу щытыпхъэр лъэпкъ тхыдэмрэ хабзэхэмрэ пщIэ хуащIу, щIыналъэр фIыуэ я къэралым и къулыкъущIэхэм я зэрыжиламкIэ, УФ-ми КъБР-ми я егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм мы лъэхъэнэхэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI гъэсэныгъэ жэрдэмхэрэ Iуэхугъуэхэмрэ хьэзэщIэгъэрыуэным хуэгъэзауэ.

- Мыгувэу къащтэнущ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущапl эхэм къыщызэгъэпэщын хуей гъэсэныгъэ лэжьыгъэр къызэщIзэкIыу, зы жыпхъэм изыгъэувэ къэралпсо мардэхэр. Абы хиубыдэщу блэкIа илъэсхэм къэрал псом щекIуэкIа хэкупсэ-щэнхабзэ Iуэхугъуэхэм кьыхаха фIы псори. КъищынэмыщIауэ, къызэгъэщынут ди щIыналъэм и курыт еджапIи 140-м сабийр, адэ-анэр, еджапIэр зэпызэыщIэ, гъэсакIуэ къалэнхэр зыгъэзащIэ Iэнатlэщ къызэрыкъуэзыр. Абы и къалэным хьыкъэнущ щIэблэм хуэгъэзауэ къэралым иригъэкIуэкI политикэм хэль щхьэхуэныгъэхэр лъэныкъуэ псоми ягурагъэIуэныр, яхуэзэпкърыхьныр, кьыхалъхьэ гъэсэныгъэ жэрдэмхэм гъуэгу яритныр, - жиIащ министрым и кьуэдзэм.

КъБР-м лъэпкъ Iуэхуэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Гергоков Жамбулэт** и псалъэм кьыхигъэщащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр я лэжьыгъэм иджы хуэдэу гулъытэ нэхъапэхэм игъуэту зэрыщымытар.

- ФIэкIыпIэ имыIэу зэфIэхын хуейуэ Iуэхугъуэ зыбжанэ щыIэщ, ахэр УФ-м и Президентым и Унафэми кьыщыхигъэщащ. Ар гъэзэщIа хъуным хуэунэтIауэ къэрал къулыкъущIапIэхэм я гъусэу лэжьыгъэшхуэ едгъэкIуэкIащ. НобэкIэ фэеплъ махуэхэмрэ махуэщIхэмрэ уфэзыхуэу диIэщ, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущапlэхэм я лэжьыгъэхэм ахэр зыгуэркIэ кьыхамыгъащIыкIэ Iэмал имыIэу. Апхуэдэу кьыхэзгъащIыну сыхуейт Унафэм и мыхьэнэр кьэпльытауэ щIыналъэм щекIуэкI хэкупсэщанхабзэ хуэIухуэщIэхэр кьызэрызэрагъэпэщымрэ зэрекIуэкIымрэ даззрыкIэлъплъыр, ар кьызэпызыыд Iуэхугъуэхэр кьэмыгъэхъун папщIэ хабзэхъумэ Iэнатlэхэм даззрыдэлажьэр, - жиIащ Гергоков Жамбулэт.

КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и министрым и кьуэдзэ **Ахметов Артур** зэрыжиIамкIэ, дяпэкIэ кьуажжэкэмрэ къалэхэмрэ къэралми хэгъэгуми кьыщащта щIалэгъуалэ политикэр щыхэпщынымкIэ IэщагъэлIхэр зэрыщыIэнум кьулыкъущIапIэр толажьэ, абыхэм я Iэщагъэмрэ щIэныгъэмрэ хэзыгъахьуэ курсхэр кьызэрагъэпэщыным иужь итщ.

- 2023 гъэм ди щIыналъэм щIалэгъуалэ центриц кьыщыIэзытынущ, абы кьищынэмыщIауэ, ныбжьыщIэхэр щызэхьыхэ, я нэгу зыщрагъэжь хуэну щIыпIэхэр зэIуэзэпэщ тщIынущ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт министерствэм и жэрдэмкIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядедгъэкIуэкI лэжьыгъэри зэрыщIэдгъэхуэбжьар, - жиIащ Ахметовым.

ПIалъэ кIэщIыр къзгъэнауэ, зы махуэ закъуэ гулъытэншэу щIалэгъуалэр къэбгъанэ зэрымыкъунур жиIащ КъБР-м щыпсэу мусльымэнэхэм я Iуэхущапlэхэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Сыжажэ Алим**. «ЩIэблэм я зэхэщIыкIыр кьэзыIэт, я дуней лъагъуклэм зезыгъэзэщI сыт хуэдэ Iуэхугъэри пщIэнкIэ хьуурэ жьпIэнкIэ Iэмал иIэжьым. Абыхэм зэпымычу кьыпыдощэ, зыдогъэубгъу. Дэ едгъэкIуэкI зэIущIэхэм иужькIэ сабийхэм фIыр гъащIэм и гъуаэзу зэрыщытыр кьагурыIуэ мэхъу. Дадэлжьэнущ, ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хуэгъуэфIыгъуэхэр ди тегъэщапIэу, ди лъапIэныгъэхэр ди гъуаэзу», - жиIащ Сыжажэ Алим. Дин лэжьакIуэм и псалъэм пэджэжьрт Налшык кьалэмрэ абы кьедза жылагъуэхэмрэ щыIэ чыристан члисхэм я дин гъуаэзэ **Бобылев Валентин** и кьэпсэльэныгъэри.

- ЗауэлI нэхъыжьхэр мащIэ щыхъуэ мы лъэхъэнэм дэ абыхэм яхуэтщIэжьыфынур зыщ - лIыгъэу зэрахьар тщымыгъупщэу ди гъащIэ гъуаэзу дунейм дытетынырц, - жиIащ «ЗауэлI зэшхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и хасащхьэм хэт **Абэнокъуэ Владимир**. - Аращ цIыхугъэмрэ лIыгъэмрэ зэIэпэгъуэ зэрыщытыр кьыхьэхэщ дерсхэр кьрыт ядежьапIэхэм щIэж-щIэжьыгъэ щIыщIедгъэжьIыкIыр, Хэку заузыхуэм ди цIыхубэм кьыщыхьа ТекIуэныгъэм и мыхьэнэм дыщIыпетепсэльыхьыр, лIыгъэщапIэм ита ди лIыхъужьхэм ятеуухуа кинофильм кIэщIхэр а зэхуэсхэм щIыщIидгъэльагъуэр. НэхъапэкIэ къэпсалъэхэм жаIамкIэ си щхьэкIэ сыарэзыщ - гъэсэныгъэ лэжьыгъэр зэи зэпыу хьунукъым.

ЗэIущIэм и кIэуэху КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Федченко Людмилэ** къэпсэльэхэм кьыжаIа псори кьызэщIикъуэжащ, иужьрей илъэсхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэм гулъытэ гуэри игъэуту зэрыщымытар кьыхигъэщащ. «Ди щIэблэр IэщIыб тщIыри, нобэ дызэрыт щытыкIэм дыхуэхьIуа хъуащ. Къэралым и Iэтащхьэм кьыхилъхьа Унафэм а щытыкIэр зыгъэзэкIуэжьын хуейуэ къеГъэзыру, Iуэхугъуэ куэд дгъэзэщIэн хуейуэ кьытпэщIылъщ», - жиIащ Федченко.

«Iэнэ хъурейм» и лэжьыгъэм хэтхэм кьыхалъхьа гупсысэхэмрэ Iуэху еплъыкIэхэмрэ зэхалъэжьри, КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м и Парламентым, министерствэ щхьэхуэхэм зэрызыхуагъазэ чэнджэщхэм я пэхуэщIэр (проектыр) кьащтащ.

ШУРДЫМ Динэ.

ЩIалэгъуалэр ягъэгушхуэ, яунэтI

● Дызэгъусэу

ЩIыналъэм и къулыкъущIэхэм, дин лэжьакIуэхэм я лIыкIуэхэр «Маяк» санаторэм мазаем и 3-м щыIущIащ «Дызэгъусэу» щIалэгъуалэ лагерым зыщызыгъэпсэхуэн.

КъБР-м и мусльымэнхэм я дин Iуэхущапlэм, Кавказ Ищхьэрэм и мусльымэнхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу Центрым, ислъам щэнхабзэм зегъэужьыныжьIэ фондым кьызэрагъэпэща лагерыр зытеуухуэжар лъэпкъ, дин зэхэдз ямыIэу щIалэгъуалэр гъэсэныр щ. «Дызэгъусэу» щIалэгъуалэ лагерым щыIэхэм яIущIащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхуэмрэ жылагъуэ проектэмкIэ и министр **КIурашын Анзор**, КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр **Лу Азэмэт**, республикэм и мусльымэхэм я дин Iуэхущапlэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Сыжажэ Алим**.

- Лъэпкъ зэхущытыкIэхэм лъабжьэ яхуэхъу Iуэхугъуэхэрщ мы зэхьхьэм кьриубыдэу дызытепсэлъыхьынкр. ПсынщIэу зызыхьуэж ди гъащIэм жылагъуэм я Iуэху еплъыкIэм нобэ мыхьэнэшхуэ щиIэ хъуащ. Дыгъуасэ, гъунэгъуэхэм ди зэхуакIи зэхущытыкIэхэм я гугъу щытущIкIэ, ди Iыхьлъхьэмрэ дэ езым ди Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмрэ ди тегъэщапIэу щытамэ, нобэ абы зэхъэжьIынныгъэхэр кьыщыхьущ. КIэщIу жьпIэмэ, дызэхуэзэу дызэрызэпсалъэ мыхьэнэм хуэдэ дыдэ социальнэ сайтхэми яIэ хъуащ. Апхуэдэ Iэмалхэр кьызэрыдгъэсэбэпынрущ зэхьхьэм нэхъыщхьэу зи гугъу щытщIынур, - жиIащ КIурашын Анзор.

Лу Азэмэт гу льитащ лагерым щылэгъуалэ хыджкрхэр зэрыщызэхуэсам икIи и псалъэм кьыхигъэщащ мыхьэнэ зиIэ Iуэхуэхэм я хэкIыпIэхэм щыIэныкъуэкIэ, зэIущIэм и къэпщытакIуэхэм я чэнджэщхэр абыхэм зэращхьэпэным шэч кьыззрытримыхьэр.

- Мы лагерыр кьыщызэдгъэпэщым къалэн зыщытщIыжащ республикэм и къалэ, район зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ щылэгъуалэр я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ щызэхъуэжьну, щIыналъэм мамырыгъэр щыгъэбыдэным, республикэм и лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэр егъэфIекIуэным техуха я проектэр утыку кьыщыхьэну ефедэлIа дыхуэну. Апхуэдэ Iуэхуэхэм лъэпкъхэм я зэхущытыкIэ дахэхэм зэрызрагъэужьыр быдэу ди фIэщ мэхъу, - жиIащ Сыжажэ Алим.

Зэхьхьэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ныбжьыщIэхэр, волонтёрхэр, социальнэ тренерхэр. Лагерыр зэрылажьэну махуитщIым кьэриубыдэу абы лагерэр, зэIущIэ я гугъу щытущIкIэ, щIыуэпсыр хьумэным теуха Iуэхуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, нэгъуэщIэхэри щрагъэкIуэкIынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Прокуратурэ

Гу зылъытапхъэхэр ягъэнаIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурор Хабаров Николай иригъэкIуэкIащ 2022 гъэм я лэжьыгъэм кърикIуаэхэр къыщызэщIакъуэжа зэIущIэ. Абы хэтащ республикэ прокурорым и къуэдзэхэр, прокуратурэм и аппаратым и Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, къалэхэмрэ районхэмрэ я прокурорхэр.

КОЛЛЕГИЕМ и зэIущIэм кьыщыпсэльащ республикэ прокурорым и япэ кьуэдзэхэу **Сысоенков Андрей, Белов Сергей, Кадыров Азрэт**, корпущэм пэщIэтынымкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ къудамэм и унафэщI **Бекъул Залинэ**, Налшык, Баксэн къалэхэм, Шэджэм районым я прокурорхэр.

Республикэм и прокурорым щIыналъэм къэрал хабзэхэр зэрыщагъэзащIэ щIыкIэхэр, хабзэр кьызэрэзэпэщIынымкIэ прокурор кIэлъыплъынымкIэ иIэ мыхьэнэр зыхуэдэр кьилъытащ.

Хабаровым гулъытэ хэха хуищIащ икIи кьытеувыащщ кIэлъыплъынымкIэ лэжьыгъэхэм. Абыхэм ящыщщ щIыхуэхэр жьы дыдэ хъуа псэупIэхэм кьыщIэгъэIэпхъуКIынымрэ фэтэр куэду зэхэт унэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэгъэпэщыжьмырэ, социальнэ лей зытехэу щIыхуэхэм я зыгурыныгъэхэр, хьэрычэтыщIэхэм хабзэм ящыIуфIыгъэ я сэбэп зыхэлъхэр хьумэныр, кIэрыкубжьэрыху идзыпIэхэр гъэсеижьным хуэгъэза лэжьыгъэхэр и кIэм нэгъэсыныр, суд унафэхэр властым и органхэм ягъэзэщIэныр.

КъинэмыщIауэ, Хабаров Николай гу лъагирэзтащ щIэпхъаджагъэмрэ коррупцэмрэ пэщIэтынымкIэ прокуратурэм и къалэнхэр нэхъри зэгъэуIуным и мыхьэнэм.

Коллегием унафэ кьыщащтащ, я лэжьыгъэм кьрикIуаэр, нэхъ зытегъэщIапхъэхэр икIи гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэр кьыщыгъэлъэгъуащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

ХьутIэ Анастасие и гуащIэр

ХьутIэ Анастасие Воронеж щыIэ Варвара Борки куэдкIэ хуащ. 1923 гъэм щыпсэу щыIащ. ИужькIэ унагъуэр Налшык кьэIэпхъуауэ щытащ. 1941 гъэм Анастасие Налшык куэрт еджапIэр кьыщIухьри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым физикэмрэ математикамкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ.

Анастасие зыхищIащ зауэ зэманым и хьэлъагъри, зауэ нэужьым пыщIа гугъуехь псори. 1943 гъэм студенту ар яхэтащ Налшык-Прохладнэ гъущI гъэзгу зэфIэзыгъэувжажьэм. Абы папщIи республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щыхь тхылъыр кьыхуагъэфащауэ щытащ.

Пединститутым щыхьри, Аруан дзэ курыт еджапIэм щылэжьыну ягъэкIуащ. ИлъэситIкIэ абы математикэмкIэ щригъэджауэ, 1947 гъэм Джэрмэншык дэт курыт еджапIэм егъэджэныгъэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм IэмалкIэ завучу ягъэкIуащ. IэнатIэщIэм ар пэрытащ гурэ псэкIэ: егъэджэныгъэ Iэмалхэр кьыхэзыгъэпэщырт, егъэджакIуэхэр зыззащIагъакъуэу зэдэлэжьэным хуиунэтIырт, егъэджэныгъэ гъэсэныгъэм Iэмалу щыIэхэр кьыгъэIэрыхуэрт.

Джэрмэншык школым щылажьэу, Анастасие и насыпым Iуащащ - математикэмкIэ егъэджакIуэ ХьутIэ Хьэчим унагъуэ диухуащ. Зэщхьэгъусэхэм бынищ зэдапIащ.

1962 - 1965 гъэхэм ХьутIэ Анастасие школым и унафэщIу щытащ. Ар КПСС-м хэтт, кьуажэ Советым и депутатт. 1968 - 1969 гъэхэм бзылъхугъэр лэжьащ егъэджэныгъэмкIэ завучу, 1976 - 1979 гъэхэм - классщIыб егъэджэныгъэхэр иригъэкIуэкIыу.

ХьутIэ Анастасие ныбжьыщIэхэр игъэ игъэсащ, иригъэджащ. Абыхэм кьахэкIащ щIэныгъэлIэхэр, егъэджакIуэхэр, дохутырхэр, инженерхэр, юристхэр, экономистхэр, уэхущIуэхэр, нэгъэзыIэхэр.

Илъэс куэдкIэ егъэджэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ кьыхуагъэфащащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Абыхэм ящыщщ РСФСР-м Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм. Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм я профсоюзхэм я комитет нэхъыщхьэм я щхьэх тхылъхэр, «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку заузыкъуэм щыгъуэ гуащIэдэкI ин иIэу хьэлэну зэрыкIуэкъым папщIэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр. Абы кьыхуагъэфащат «Егъэджэныгъэм и отличник» дамыгъэри.

2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м ХьутIэ Анастасие дунейм екIуэкIащ.

ЛIУП Нурхьэлий.

Джэрмэншык къуажэ

ДыдэвгъэIэпыкъу

● Псапэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Бахьсэн къалэм щыпсэу ТхьэкIуэхуэ Темыр Нурхьэлий и къуэр, 1986 гъэм къалъхуар, ди дэIэпыкъунырэ хуэныкъуэщ, узыфэ хьэлъэ кьеуэлIащи.

«МИЕЛОДИСПЛАСТИЧЕСКЭ синдром» - аращ зэреджэр Темыр кьеуэлIа узыфэм. Ар лъым хэт узыфэ хьэлъащ, кьупщIэкъи иIа куцIыр зэрахьуэкIын хуейщ, хьужьын щхьэкIэ. ЩIалэм и лъым и зэхэлъыкIэм текIуэ иджыри кьэс кьаухэкIакъым лъы зытахэм. Апхуэдэ яхэту кьагъэлъагъуэркъым Лъы зытахэм я дунейпсо, урысейпсо реестрхэм. Кьалъхьэр генетикэ тIолъхъэныкъуэщ, сымаджэм и лъым и зэхэлъыкIэм процент 100-кIэ техуэ донорщ, езым и Iыхьлъхэм ящымыщ.

ДэIэпыкъуэгъу хуэну хуейхэм миллилитри 4-хуэдиз лъы ят хъунущ, сымаджэм ейм техуэмэ кьращIэну. Лъы щат хъунущ мы хэщIапIэм: Налшык кьалэ, Тэрчокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 12, «Служба Крови» Iуэхущапlэ. «Темыр папщIэ лъы дот», - жыIэн хуейщ.

Лъы зытынухэм яIыгъын хуейщ я паспортыр, СНИЛС-р. Гепатит В.С., Фошыгъу уз, СПИД, сифилис хуэдэ узыфэхэр кьызэуэзэхэм лъыр ят хъунукъым.

Лъы зытхэм фи анализхэр ягъэхьынущ Урысейпсо реестрым икIи абы щахъумэнущ. Фи лъым и зэхэлъыкIэр сымаджэм ейм процент 100-кIэ техуэмэ, Москва фашэнурэ абы щыфтынущ миллилитри 150 - 200 хуэдиз лъы. Дохутырэм зэрыжаIэмкIэ, лъы тыным донорым и дежкIэ шынагъуэ лъэпкъ пылъкъым, атIэми кьыхуегъэлыпхуэну зыгуэрым и гъащIэ, ажалым кьыщIидхьыфынущ цIыху.

ЩIытыкIэ кьызэрыкIыуэм и сымаджэм дэIэпыкъуэгъу фыхуэхъуну фыкьыхуэдожьэ. Псапэу Алыхьым кьывытIыж!

ЩIыхуэшхуэ зытелъхэм я зэранкIэ...

2023 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу кьызэрабжамкIэ, КъБР-м электричествэмкIэ щIыхуэ зытелъ и Iуэхущапlэхэм 2021 гъэм щыщхьэуIум и 1-м щыщIэзыуэ зэтрагъэхьар сом мелард 1,1-рэ мэхъу. ЩIыхуэм щыщу процент 94-р зыхуэзэр псымрэ хуабэмрэ зыт Iуэхущапlэхэрщ. Илъэс кIуам абыхэм ятар ятелъым и процент 16,8-щ. ЩIыхуэм щигъэна Iуэхущапlэхэм я нэхъыбэр банкрот хъуащ е я Iуэхур абы нэсащ, пхуэгъэпшынэкъым.

АУЭ ЩЫХЪУКIИ, щIыхуэ зытелъхэр зэран яхуохъу электричествэ зэгурыIуэныгъэкIэ кьыдэзыт Iуэхущапlэхэм. Абы кьыхэкIыу республикэр гугъуехьхэм пэщIэхуэнкIэ хъунущ зи гугъу щIыхьэм теухуауэ. НобэкIэ Iуэхур зытетыр аращи, энергетикэм щIыхуэ зытелъ коммуналнэ Iуэхущапlэхэр ягъэпшынэну тхылъхэр судым щIалъхьэ. 2022 гъэм суд Iуэхущапlэхэм ирагъэхьащ сом мелуан 847,3-рэ зэрырагъэпшынэну иужь ит ягъэ 208-рэ. Абы щыщу зэрырагъэпшынэжар сом мелуан 35,5-рэщ - процент 4 кьудейщ. Уеблэмэ энергетикэм щIадзауэ ягъэпшынэ щыIэху зытелъ Iуэхущапlэхэм я унафэщIхэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ЗэфIэкI зиIэу къалъытахэр

«Вестник народов Кавказа» газетым илъэсым и кIэм къыхех Кавказ Ищхьэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм нэхъ ехьулIэныгъэщхуэ щыIэна щIыхуэхэр. Абы егъэбелджылы Илъэсым и ухуакIуэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, щIэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэ нэхъыфIхэр.

2022 ГЪЭМ къыззрызэщIакъуэжамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху гуащIафIэ куэд а газетым ихуащ. Илъэсым и усакIуэу кьалъытащ адыгэ литературэм и «дыщэ пхъэнтэм» зи тхыгъэхэмкIэ хэзыгъэхъуа Мыкъуэжь Анатолэ. Илъэсым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыфI хуащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэ IэрыпуатэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ Iуэхугъэ нэхъыщхьэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм. Газетым и зы напэкIуэцIыр хухахащ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и член-корреспондент иджыблагъэ ящIа, щIэныгъэ центр нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым - РАН-м и ГЕОХИ-м и унафащI Хьэмызэ Русланрэ абы и щыпхъэ, Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэкэмкlэ и къэрал институтым гуманитар, социально-экономикэ Iэщагъэхэмкlэ и кафедрэм и унафащI, профессор Щаузэцыкlу Людмилэрэ.

Нэгъабэ зи илъэс 80-р зыгъэпсалъа Бейтыгьуэн Сэфарбий и зэфIэкIыр здынэсым гъунэ иIэу кьыщIэкIынкъым. Ар тхыдэджэ, философщ, жылагъуэм зегъэужьыным телажьэ щIыхущ, тхакIуэщ, публицистщ, литературэ критикщ, Бейтыгьуэныр газетым кьыхихащ Юга» газетым и жылагъуэ лэжьакIуэу.

«Вестник народов Кавказа» газетым гулъытэ хэха зыхущIакъуэм ящыщщ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ, ООН-м епхауэ ЩIыуэпс шынагъэншагъэмкIэ щIэныгъэхэм я дунейпсо академием и Президиумым и щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ Iуэхущапlэхэм я щIыналъэхэм я щIыпIэ щы

● ДифI догъэтъапIэ

УсакIуэ, зэдзэкIакIуэ, къэхутакIуэ тельыджэ

Лондон щыпсэу адыгэ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, журналист, продюсер цIэрыIуэ, ЩIДАА-м и академик, Урысей Федерацэм, Дуней псом я тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Сочэ къалэм гъэ къэс щекIуэкI «Иридэ» урысей-британие кинофестивалымрэ киносаугъэтымрэ къызэзыгъэпэща икIи абы и президент, литературэмрэ кинематографиемкIэ дунейпсо саугъэтхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща Бэлагъы Любэ Хьэрэтэлий и пхъум и ныбжьыр нобэ илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу.

БЭЛАГЪЫ Любэ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Каменномост (Къармэхьэлэ) къуажэм 1968 гъэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, ар Ломоносовым и цIэр зэрихьу Москва дзэт къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетым щеджащ икIи филологиемкIэ кандидат хьэныгъэр абы щыпхигъэхьащ. Профессорхэу Бэчыжь Лейлэрэ Надьярныс Нинэрэ я нэIэ щIэту итхащ «Хэхэс адыгэхэм я литературэр» монографиер икIи и доктор диссертацэр щыпхигъэкIащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академиемк. Бэлагъым къиухащ Оксфордым фильм техIыныжкIэ щыIэ къудамэр. Ар щылэжащ Льэпкъ щIэныгъэхэмкIэ Москва щыIэ институтым.

Литературэмрэ щэнхабзэмкIэ дунейпсо саугъэтхэм я лауреат зыбжанэрэ хьуа Бэлагъым и тхыгъэхэм адыгэ тхыдэм увыпIэфI щаубыд. ЩIэныгъэ, литературэ журнал зэмылIэужьыгъуэхэм къытехуащ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа публицистикэ, щIэныгъэ гъэкIыгъэ 60-м щIигъу. Адыгэ-хэщ Горький Максим и цIэр зэрихьэу Дунейпсо литературэмкIэ институтым, ЩIыуэпс, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ, культурологиемкIэ РАН-м и институтым я щIэныгъэ къэдкIыгъуэхэр. Инджылызым и къалащхьэм дзэт SOAS университетым кавказоведенэмкIэ (адыгэбзэ, адыгэ литературэ, адыгэ философие) и къудамэм инджылызыбзэкIэ щригъэджащ Любэ. Ар жыджэру хэтщ анэдэлхъубзэр хьумэным, зегъэужьыным теухуауэ ирагъэкIуэкI дунейпсо конференцхэм, литературэмкIэ, макъамэмкIэ къызэрагъэпэщ дунейпсо зэпеуэхэм я къэпщытакIуэ гупхэм. Псалъэм папщIэ, 2014 гъэм макъамэмкIэ Лондон щекIуэкIа «Альбионым и вагъуэхэр» зэхьэзэхуэр, 2012 гъэм Монакэ щыIа «МелыIыч» дунейпсо кинофестивалыр къэзыпщытахэм яхэтащ.

И ялэ сабий уэсэгъэ районым газетым къыщыхечуам Любэ и ныбжьыр илъэсий хъуэ арат. Абы къыхуагъэфащащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым тхакIуэ ныбжьыщIэхэм папщIэ иригъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм и саугъэтыр. Апхуэдэу «Адыгэ псалъэ» газетымрэ Дунейпсо Адыгэ фондымрэ я саугъэтхэмэ я лауреатщ. Бэлагъым и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъ хьэлэмэт куэд, усэу тха романхэр, литературэ тхыгъэ щIэхэуэхэр. «Къудамэ закъуэ» зыфIищща и ялэ тхылъыр 1991 гъэм дунейм къытехьащ. Ар тхылъ тедзапIэм усакIуэм щихьам и ныбжьыр илъэс 16 хьуэу арат. Абы къыкIэлъыкIуащ и усэ тхылъ зыбжанэ: «Мывэ сэрей» (1997 гъэ), «Дыгъэм и гъэугу» (2000 гъэ), «Сэ Тхьэ сызэрелъэIур адыгэбзэщ» (2002 гъэ), «Гъэунэхуп1э» (2008 гъэ), «Гуащэнэ» (2005 гъэ), «Царская любовь» (Москва, 2007 гъэ), «Уиндзэр и уэшх щхъуафэхэр» (2015 гъэ) тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. «Сэ Тхьэ сызэрелъэIур адыгэбзэщ» тхылъым папщIэ «Дунейм и цIыху» щIыхьыцIэр Любэ хьыфIащащ. А лэжьыгъэр Бэлагъым и дежкIэ лъапIэ дыдэщ, усакIуэм и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ цIыхухэм, фIыуэ илъагъу и лъэпкъгъуэхэм ятеухуащи. Абы и усэхэр урысыбзэкIи, инджылызыбзэкIи, хьэрпыбзэкIи зэрадзэкIащ. И тхылъхэр къыщыдэкIащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Великобританиемк, Чехиемк, Испаниемк, Тыркуемк, Иорданиемк, КъуэкIыпIэ ГъунэгъуэмкIэ, Хьэрэ-хэм. Любэ и усэхэм лъагъунэгъэри, философиери, лъэпкъ тхыдэри щызэхуэхуэхащ.

Бэлагъым и усэхэм куууэ къыщигъэлъагъуэщ и лъэпкъым хуиIэ лъагъунэгъэр. Аращ адыгэм къыдекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэр тхъумэну тхылъеджэхэр дыкъыщыхуриджэри. Нэхъыщхьэрщи, Любэ и усэбзэр щIэщыгъуэщ, удзэшхэщ.

- Дзэ щыпIэ сыщыпсэуну къыхуиуакъым, адыгэбзэкIэ сытхэн зэи щызгъэтакъым. Ар къызыхэкIыр, дауи, сыкъыщалъхуа хэкум сызэрыхуэзэшрагъэнщ. Сыщыадыгэ усакIуэкIэ, сыкъызыхэкIа лъэпкъым и макъыу сыщыщыткIэ, абы сытетын хуейуэ кьызоIыпI. Си лъэпкъгъуэр къэрал 45-м зэрыщыпсэур адыгэм ди тхыдэм щыщ Iыхьэщ. XI лIэщIыгъуэм къыщыщIэдзауэ ди лъэпкъыр зэпымыууэ Iэпхъуэшапхъуэм, зауэхэм хэтащ, зихъумэжьи мурадкIэ. ЗыплъыхьакIуэ щIыналъэ куэдым - Тыркум, Сириием, Израильм, Европэм хыхьэ къэрал зыбжанэм - сыщыIэну къыщысхуихуэм, хамэ щыIэпхъэм къыщалъхуа хэхэс адыгэхэм я гъащIэм щыгъуазэ сихъуащи, си жагъуэ мэхъу абыхэм ящыщ куэдым зэрыадыгэр зэрызыхамыщIэр, уеблэмэ зыщыщ лъэпкъым къыхэкIауэ зэрамылъытэжыр. Ауэ, щыIэщ литературэм, макъамэм, щэнхабзэм, гъуазджэм хэлъхьэныгъэрIхэр хуэзыщIа хэхэс адыгэхэри. Къызэдалъхуахэм, си лъэпкъэгъуэм, хэкум сызыззэш зэпытми, адыгэбзэкIэ усэ стхын зэрыщымыгъэтыр насыпышхуэ къызэлъытэ, - жеIэ Любэ.

Бзыльхугъэм Iэщ1ыб ищIыркъым тхыдэмрэ Iуэрыдуатэмрэ. Грозный Иван, пащтыхь Гуащэ Марие, нарт Гуащэ Сэтэней сымэ я дежкIэ щыщIэдзауэ иджырей цIыхубзым и шыфэлIыфэмрэ и дунеймрэ зи тхыгъэхэм щызэрIэувэ Любэ и гуащIэр инщ.

«Гуащэнэ» роман-драмэм къытращIыкIа спектаклыр Лондон урысыбзэкIэ щагъэлъэгъуащ. Ар теухуащ пащтыхь гуащэ, адыгэ хъыджэбз Марие (Гуащэней) и гъащIэм, XVI лIэщIыгъуэм Москва къэралыгъуэмрэ къэбардеипщымрэ яку дэлъа зэхущытыкIэхэм, пащтыхь Иван IV (Грозный) абы етIуанэ щхьэгъусэ хуэхъуа Мариерэ.

- Си тхыгъэр зытеухуа лъэхъэнэм ехьэлIа архив дэфтэрхэр къзэгъэсэбэнурэ, лIыхъужь нэхъыщхьэр - илъэс 15-м ити Урыс къэралыгъуэм и пащтыхь гуащэ хъуа Марие - и хьэл-щэнхэр, урысхэмрэ адыгэхэмрэ я зэпымыууэ щIэдзапIэ хуэхъуар, тхыдэм щыщ нэгъуэщI Iуэхуэхэри къэзгъэлъэгъуэжащ. А псом къыщIэкIуэр Марие си нэгу къызэрыщIыхьахэр си лэжьыгъэм хэзгъэхьащ. Ар апхуэдизу спэгъунэгъу зэрыхъуар гъэщIэгъуэнщ, - жеIэ Бэлагъы Любэ. - Иджырей ящыныкъуэ адыгэхэм я гугъэщ иджыпсту дыззэрыт щытыкIэм дитауэ. Къэбэрдейр Урысейм дыщыкъуэуба XVI лIэщIыгъуэм лъэпкъ лъэщу, къарууфIэу, дубыд щIыналъэри нэхъыбэу, мыхьэнэ зиIэу щытащ. Дэ къытехуащIам нэхъри нэхъыбэ яхуэтщIащ дызыкъуэувахэм. Гуащэней урысхэм щахыьха XVI лIэщIыгъуэм лъыкIэ благъэ дахуэхъуами, лIэщIыгъуипщI мэхъу абыхэм дакъыз-зэрыдзэгъуэгурыкIуэрэ.

«Гуащэнэ» спектаклым и режиссёрыр Турчанинов Дмитрийц. Грозный Иван и ролыр актёр цIэрыIуэ, радиом и лэжьакIуэ Хилл Олег (лжьыгъэр ягъэувыныр зи жэрдэмри аращ), пащтыхь гуащэ Марие и ролыр Сиринэ Еленэ, митрополит Макарий и образыр Сидорчик Олег сымэ ягъэзэщIащ. Артистхэм къалыьса ролхэр хьарзынэу къайхьулIащ. Сценарийр режиссёр, композитор, тхакIуэ Къандур Мухьэдин итхащ, макъамэм елэжьар Къандур Алимщ.

«Любэ зэрыжиIамкIэ, спектаклыр ягъэувыным зэманышхуэрэ къару инрэ трагъэкIуэдащ. Ар япэу утыку къыщрахьам цIыху цIэрыIуэ куэд кьрихьэлIат. Псом хуэмыдэу Бэлагъым гуапэ щыхъуащ спектаклым еплъахэм ехъулIэныгъэу къызэрыльтар, ягу зэрыдыхьар, Урысейм, адыгэ лъэпкъым и тхыдэм, я щэнхабзэм зыхагъэзгъуэзэну Iэмал зэрагIар.

Сочэ къалэм гъэ къэс щрагъэкIуэкI дунейпсо кинофестивалым и нэгузыужь программэмэи хьыхьу ягъэлъэгъащ «Гуащэнэ» роман-драмэм къытращIыкIа спектаклыр. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, Великобританием и кьалэ нэхъ инэмэи мы спектаклыр щагъэлъэгъуащ.

Нэхъапэ1уэкIэ пащтыхь гуащэ Марие щIэныгъэ бгъэдэмыпIу, гъэсэныгъэ имыIуэ ятхани, зэрыпIалъагъущи, Любэ и лэжьыгъэм кьыхощ ар щIэныгъэ зиIэ, адыгэ хабзэм тету гъэсэныгъэ, хьэл-щэн дахэ зыхалъхьа хъыджэбзу зэрыщытар. Романыр инджылызыбзэрэ урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ Урысейм рагъэкIуэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ къыщыдэкIащ. Лондон и газетхэмрэ журналхэмрэ спектаклым теухуа тхыгъэхэр къытрадзащ, лэжьыгъэр зи IэдакъэщIэкIым ар къызэрыхьIам теухуауэ псалъэ гуапэхэр хужаIащ.

Фильм зыбжанэм я продюсерщ Бэлагъы Любэ. Апхуэдэхэщ дунейпсо саугъэтхэр зыхуагъэфэща «Пленница гор» (Урысей - Великобритание, 2004 гъэ), «Ангел» статуэткэр зыльагъэса «Черкес» (Урысей - Иордание, 2010 гъэ), «Любовь на фэйсбуке» (2013 гъэ), «THE SCENT OF INFINITY» (Лондон, 2015 гъэ) лэжьыгъэхэр. 2010 гъэм Монакэ щекIуэкIа «МелыIыч» дунейпсо кинофестивалым Бэлагъым «Продюсер нэхъыфI» щыхьыцIэр къыщыхуагъэфэщащ. ИлъэситкIэ дэкIри, а зэхьихь дыдэм «Драмэ нэхъыфI» дамыгъэр къыщратащ, и киносценарийм папщIэ.

Бэлагъым и сценарийр зи лъабжьэ «Уэрхъ пщащэ щIэпхъэжар» зи фIэщыгъэщIэ фильм трахащ. Лэжьыгъэм и продюсер хъуари езы Бэлагъыращ. Абы зи гугъу щищIыр Москва и мелуанырыбжэхэм 90 гъэхэм я псэуIаращ. Фильмым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, лIыхъужь нэхъыщхьэр мелуанырыбжэм ипхъу щхьэкIэ, абы и псэр тыншкъым, загъэркъым.

Любэ къуитI - Алимрэ Къазбэчрэ - иIэщ. Абы и щхьэгъусэ тхакIуэ, режиссёр, продюсер, сценарист, макъамэкIэтх Iэзэ Къандур Мухьэдин Иорданием къыщалъхуащ икIи дуней псом щыпсэу адыгэ куэдым яцIыху.

Унагъуэ дахэр дэсщ инджылыз пащтыхь гуащэм и хэщIапIэ Уиндзэр кьалэм. Я щIалэ Алим ныбжькIэ щIалэми, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат, скрипач цIэрыIуэ хъуащ. Языныкъуэхэр абы зэреджэр адыгэ Паганиниущ. Абы къызэригъэпэщащ «Къандур» скрипкэ квартетыр. Къазбэч щеджащ Лондон дэт Харроу школ нэхъыфIым. Ар кьаухащ Черчилль Уинстон, Байрон Джордж, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэ куэдым.

Къандур зэщхьэгъусэхэм лэжьыгъэ куэд зэдащIэ. Къапщтэмэ, Мухьэдин и «Легенда» романыр зэзыдзэкIар Любэщ. «Золотой орёл» киносаугъэтыр зыхуэфащэу кьагъэльэгъуа «Потерянная в Чечне» фильмыми я режиссёр, сценарист хъуащ, макъамэр хуитащ. Лэжьыгъэм и продюсерыр Бэлагъы Любэщ. Зэщхьэгъусэхэр фильмым гугъу дехьами, ар гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ яцIыхуащ. КъищынэмыщIауэ, Любэ и «Сэтэней» поэмэми Мухьэдинщ макъамэ хуэзытхар. Бэлагъым фIыуэ илъагъу а макъамэр, къыщалъхуа макъам ирихьэлIэу, Москва и консерваторэм 1999 гъэм щагъэзащIауэ щытащ.

И унагъуэкIи и лэжьыгъэкIи адыгэ бзылъхугъэ цIэрыIуэр зэхьэзэхуэ, уэныщагъэ, дэрэжэгъуэ иIэу и гъащIэ дахэмрэ гуащIэмрэ къыпищынэдохьуэхьу!

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Пшыхьхэр



Къардэнгъущ1 Зырамыку ягу къагъэкIыж

КъБР-м и цIыхубэ артист, гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, льэпкъ Iуэрыдуатэр зэхуэхьэсыхьыным зи гъащIэр щхьэгъуэзыхь хуэзыщIа, зэхуихьэсыжа адыгэ уэрэдыжьэр Iэзэу зыгъэзащIэу щыта, драматург, тхакIуэ Къардэнгъущ1 Зырамыку ягъэкIуэрхуэр илъэси 105-рэ зэрырикъур Iэтауэ щагъэлъэпIащ Шэджэм щIыналъэм хьыхь Лашынкъей къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. Пщыхьэщхьэ дахэм кърихьэлIат жылэдэс нэхъыбэхэр, ныбжьыщIэхэр, щIалэгъуалэхэр.

КъУАЖЭМ и администрацием и унафэщI Хьэсэн и къэпсэльэныгъэм къыхигъащащ Къардэнгъущым и гуащIэр, къытхуигъэна лъэужь дахэр ноби зэрымыкIуэдыр, ар цIыхухэм зэращIыжыгъупщэр.

ГуфIэгъуэ зэхьхьэр къызэIуихащ Бетыгъуэн Iэуес. Абы къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Къардэнгъущым и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ. «Налкъутри налмэсри зэщIолыдэ, зэщIопщIыпщIэ и лъэныкъуэ псомкIи. Апхуэдэу, и Iуэхущафэ псори дахэрэ къыхэпхынчр къыпхуэмыщIэу илъэс куэдкIэ адыгэ лъэпкъым хуэлэжьащ Зырамыку. Абы и Iуэхущафэхэр инщ икIи мыкIуэдыжынщ», - къыхигъащащ Бетыгъуэным.

Пшыхьым щагъэзащIащ Къардэнгъущым ятеухуа уэрэдыжьхэм ящыщ, Къущхьэ Жамбот теухуамкIэ. Ар ягъэзэщIащ «Лашынкъей» уэрэджэщIакIэ гупым. АдэкIэ утыкум къихьащ «Щэджэм псыкъелъэхэр», Бахъсэн щIыналъэм и «Кавказ» уэрэджэщIакIуэ ансамблыр. Утыкур апхуэдизу ягъэбжьыфIащ ШыкIэбахъуэ Исрэлъам, Къармокъуэ Мухьэмэд, Къармокъуэ Леонид сымэ.

ЗэIущIэм и кIэухым Бетыгъуэн Iуэес къыхигъэщащ дапэкIи Къардэнгъущ Зырамыку и фэепл1э пшыхьэр, уэрэджэныгъэм ятеухуа пшыхьэщхьэхэр къызэрызэрагъэпэщыжыр, абыхэм къыщIэкIащ Бахъсэн щIыналъэм и «Кавказ» ансамблым я щIэныгъэ-къэгъэльэгъуэ Мухьэмэд, Къармокъуэ Леонид сымэ.

ЗэIущIэм и кIэухым Бетыгъуэн Iуэес къыхигъэщащ дапэкIи Къардэнгъущ Зырамыку и фэепл1э пшыхьэр, уэрэджэныгъэм ятеухуа пшыхьэщхьэхэр къызэрызэрагъэпэщыжыр, абыхэм къыщIэкIащ Бахъсэн щIыналъэм и «Кавказ» уэрэджэщIакIуэ ансамблыр. Ар ягъэзэщIащ «Лашынкъей» уэрэджэщIакIэ гупым. АдэкIэ утыкум къихьащ «Щэджэм псыкъелъэхэр», Бахъсэн щIыналъэм и «Кавказ» уэрэджэщIакIуэ ансамблыр. Утыкур апхуэдизу ягъэбжьыфIащ ШыкIэбахъуэ Исрэлъам, Къармокъуэ Мухьэмэд, Къармокъуэ Леонид сымэ.

ЗэIущIэм и кIэухым Бетыгъуэн Iуэес къыхигъэщащ дапэкIи Къардэнгъущ Зырамыку и фэепл1э пшыхьэр, уэрэджэныгъэм ятеухуа пшыхьэщхьэхэр къызэрызэрагъэпэщыжыр, абыхэм къыщIэкIащ Бахъсэн щIыналъэм и «Кавказ» уэрэджэщIакIуэ ансамблыр. Ар ягъэзэщIащ «Лашынкъей» уэрэджэщIакIэ гупым. АдэкIэ утыкум къихьащ «Щэджэм псыкъелъэхэр», Бахъсэн щIыналъэм и «Кавказ» уэрэджэщIакI



● Ди псэлъэгъуохэр

КърикIуар плъагъуну Iэфlщ

Куэд зылэжь куэд къохъулIэ. Лъэпкъым щыщу зэфIэкIрэ щIэныгъэрэ зиIэ ущрихьэлIэкIэ, уи гур къимыгуфIыкIынкIэ, абы уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Адыгэ мащIэр апхуэдэу дызыгъэинхэм, зи екъулIэныгъэм дыщыгуфыкIхэм, нэхъыбэж хуэлэжьыну дызыщыгугъэхэм ящыщщ щIалэ ахъшэрзэман Хьэмыкъуэ Олег Теймураз и къуэр.

АР ТЗРЧ районым хыхьэ Дей къуажэм 1987 гъэм къыщалъхуащ. Школ нэужьым, 2004 гъэм, Олег щIэтIысхьащ Кавказ Ищхьэрэм Гуэрджэхэмкlэ и институтым и театр фильмыгъэтым актёр Iэщlагъэзэм щыхуагъэхьэзыр и къудамэм. «Театрымрэ киномрэ я актёр» Iэщlагъэр иIэу, 2008 гъэм екъулIэныгъэкIэ къиухащ еджапlэ нэхъыщхьэр. Телевидеизэм щылэжьащ режиссёру, видео-оператору. 2010 гъэм щIэтIысхьащ КъБКъУ-м Сокуров Александр къыщыззыригъэпэща творческэ мастерскоим.

Щеджэ илъэсхэм Хьэмыкъуэ Олег трихащ фильм зыбжанэ: «Письмо матери» (2010 гъэм, ар щагъэлъэгъуащ Санкт-Петербург щекIуэкIа «Метрополис» фестивалым), «Земля надтов» (2011, Санкт-Петербург дэт «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгуэхьныгъэм къыщагъэлъэгъуащ), «Дрим» (2012), «Живой» (2013), «Армия» (2014) лэжьыгъэхэр. Иужьрейм и сценарийр нэхъыфIу къыщалъытащ 2016 гъэм Чеботкари щекIуэкIа кинофестивалым. Апхуэдэуи ар 2015 гъэм къриубыдэу щагъэлъэгъуащ Белград, Канны, Москва, Ивановэ, нэгъуэщI щыпIэхэми.

Олег и дилом лэжьыгъуэ щыта «Антигона»-р 2016 гъэм хьатащ «Культура» телеканалымкIэ икIи Урысейм и къалэ цIыкIухэм я театрхэм я фестивалым хэтащ. СНГ-м хьыхь къэралхэм ЩIалэгъуалэ кином теухуауэ ирагъэкIуэкI «Умут» зэпеуэм и лауреат а гъэ дыдэм хъуащ, муслымымэн кином хуэхахуэ Къэзан щекIуэкI фестивалым и «Россия молодая» программэм, адыгэ щэнхабзэм и махуэщIым хэтащ.

2016 гъэм Хьэмыкъуэм спектаклхэр щигъэуващ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къбэрдей, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрэм. Къыкlэлъыкlуэ илъэсым ар щытащ Битокъу Владимир триха «Глубокие реки» фильмым и унафэщIым и къудэзуэ (тезыхар Сокуров А. Н. и «Примеру интонации» фондращ).

2021 гъэм Хьэмыкъуэм трихащ и яп-э полнометражнэ фильмыр. Китаим щекIуэкIа Хайнань дунейпсо кинофестивалым, зэпеуэм щымыщ и программэм хэту, щагъэлъэгъуа, адыгэбзэкIэ траха «Гуэрыдзэ» («Узлы») лэжьыгъэ ЗэщIэгъэныдри щхьэусыгъуэу дэ зыхуэдгъэзэри Олег депсэлъыпIащи, къыджиIаэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- «Гуэрыдзэ» фильмыр тепхыну мурад уэзыгъэщIар сыт? Лэжьыгъэм щIэдзапIэ хуэхъуамрэ а Iуэхур зэрекIуэкIамрэ дыщыбгъэгъуэзамэ, ди гуапэт.

- Сокуров Александр дригъэджауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и дипломхэр къыщыпIэрыхьэм, си ефжагъуэмкI сэри плъапIэ нэхъыщхьэу диIар зыщ - полнометражнэ фильм техыныщ. А мурадым ипкъ иткIэ псоми сценарий ттхыуэ, Сокуровым и фондым ди тхыгъэхэр едгъэхьу щIэддзащ, ттхар ягу ирихьмэ, фильм тетхыну хуит дащIыну дыщыгугъыу. Хэт и кIэныр нэхъапэу къыкIащ, хэти заман нэхъыбэ а «гъэзгум» тригъэкIуэдащ. Сэ етIуанэхэм сащыщщ. Мэкъуэуз Амир «Испым и хьтIыгу» и Iэдакъэщlэкlыр зи лъабжьэ сценарием илъэсым щIигъукIэ делэжьри, и вариантитI дгъэпсат, ауэ фондым ягу тхуэгъэзэгъуэу къыщIэкIынкъым. Апхуэдэу Iуэхур щыхьум, сигу къэкIыжащ нарт эпосым хэт «Iэдиихуу и хъыбарыр». Абы къыхэщ зэхущытыкIэр лъабжьэфI хьунущ жысIэри, Къанакъуэ Заринэ и деж сыкIуащ сценарий схуитхыну сельэIуну. СыкъигъэщIэхъуакъым, иттхащ. Фондым сценарием и нэмыщI вариант дыхуейщ щыжаIэм, ари Заринэ иубзыхуащ. Тыдок иджы щыжьтIэм - дуней псор коронавирусым зэщIищтащ. КIэщIу жыпIэмэ, мы фильмым гъэгу гугъу къыкIуащ дунейм къытехьэн ипэ, зэман куэди текIуэдащ. Къэпсуэтэжыну гугъущ, уи нэгу щIэкIыну нэхъ гугъужщ. Ауэ, дауэ хьуми, дунейм къытехьащ, ди мурадыр къыдэхъулIащ, куэдым дригъэгупсысащ, акъыл кьыхэтхащ. Кинематографием и утыкум ягъэ дихьэу аращ мы фильмымкIи, къыдэхъулIакъыдэмыхъулIар къэтщIэнщ, щIыхьэр елпIымэ.

Фильмым и ныкъуэр Шэджэм ЕтIуанэм щыщ Алохэ я унагъуэм щытетхащ, хуит дыкъащIри. Тхьэр арэзы къахухьу! УнэкIуэщIым щекIуэкI сценэхэр «Ленфильмым» (Санкт-Петербург) декорацэ щацхуэрэ абы щытетхыжащ. Монтаж тщIыми, макъ щIэгъэуэвэжьи, кадрхэр лэжьи жьIпIэми, иджыри зы илъэскIэ делIэлIэжащ.

- Ди гуапэ зэрыхъунщи, ар утыкуршхуэ ихьащ, Китаим щекIуэкIа фестивалым щагъэлъэгъуащ... Адэкlэ-щэ? Сыт хувимурад, Урысейм щагъэлъэгъуэн щыщIадзэнур сыт щыгъуэ?

- Дунейпсо премьерэ фильмым иIэн хуейти, ар къызэрагъэпэщыным илъэс пох текIуэдащ. Европэ фестивалхэм дащыгугъащ, ауэ къыдэхъулIакъым. Зэман гугъум текуащ. Илъэсым и кIэм хъыбарыфI къыслэрыхьащ - Китаим и Хайнань хытIыгум щекIуэкI дунейпсо кинофестивалым и «Панорама» программэм фильмыр хэхуащ.

Коронавирус уз зэрыцIалэм дызригъэува щытыкIэ гугъум и зэранкIэ, хамэ щIыпIэ кьикIэр Китаим ирамыгъэхъэу ирихьэлIэри, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы дыкIуэфакъым. КитаибзэкIэ субтитр кIэщIэту къагъэлъэгъуащ, къызэрэжаIэжамкIэ, залым щIэзу цIыхур щIэсащ.

Адэкlэ Урысейм премьерэ щыIэн хуейщ. Ари фестиваль гуэрым щекIуэкIыну сыщогугъ. Абы иужь дыпоплъэ урысейпсо прокатым хыхьэну. Иджыпсту фильмыр къыдэзыгъэкIа хэр абы иолэжь. Сыщогугъ мыгувэу а псори къэхъуну.

- Фильмыр тепхын щыщIэбдзам уиIа гугъэмрэ абы къищIыкIамрэ зэтехуэрэ?

- Фильмым ухуигугъамрэ ар зэрыхъуамрэ зэтехуэу мащIэ дыдэрэщ къыщыхьур, къэхъуххэмэ. ПцIы зыхуэзмыцпсыжу жысIэнщи, схуэзфIэкIыр, си къэухьым къикыир хэслъхьауэ къысщохъу икIи сщIамкIэ сыарэзыщ. Къэнэжар мащIэ дыдэщ, кинотеатрым абы щеплъынухэр арэзы тщIынщ.

- Сыт нэхъ гугъу дыдэу хэлъар ар гъэхъэзырыным?

- Iэщlагъэм хуееджамэ, псори пщIэуэ къыпщохъу, арщхьакIэ уи Iэкlэ пщIыну ухуежьэмэ, сабийм ухуэдэщ. Сэркlэ гужьеигъуэт цIыху плIыщIым уи щхьэм илъыр убзыхуауэ къагурыбгъаIуэу, ар дахэ-дахэу, щымыщIэIауэ плёнкэм требгъэтхэныр. Си жьыджэрагъ, си гупсысэкIэ, си зэфIэкI а Iуэхум щIэрыпсыхьэмэ, жысIэу сыгузавэрт. Ауэ, зэрыжаIэщи, Iуэху мыублэ блэ хэсщ - ущыхьыхьакIэ екIуу укъызэрыхэкIыжьи Iуэху зепхуэн хуейт. Апхуэдэурэ екIуэкIащ. Гугъут жыпIэмэ - гугъут, кърикIуар плъагъужьину Iэфl жыпIэмэ - нахъ Iэфлыжщ.

- Лэжьыгъэм и сценарийр зытхам деж щегъэжьауэ ар тезыхахэр, абы щыдджэгуэхэр, елIэлIа дэтхэнэри дауэ фызэгурыIуа, сытым фызришэлIауэ къыпщыхъуэр?

- Кинематографиер, япэраущ, гъэщIэгъэнщ. Дыгуэасэ хьэуам хэтар, уи щхьэм иIа гупсысэр, уи гум щыбгъафIэр нобэ экранышхуэкIэ цIыхубэм щебгъэлъагъуэм и деж, уэрэджьIакIэм ухуэдэщ. Уэрэдым уи псэми, кьодаIуэхэм ейми жьы дрегъэху, я нэхэм нэпс кьрегъакIуэ, гупсысэ щхьэпэ хуэхьибох. ЕтIуанэрауэ - кинор Iэщlагъэщ. Iэщlагъэ дэтхэнэми хуэдэу, абы Iэзэ, Iэрыхуэ зыхуэпщIын хуейщ. ЦIыхум и псэм елэжь Iэмэпсымэщ ар. Абы ипкъ иткIэ кином уэзIобэмэ, цIыхум и псэм зэран хуэумыкъуныращ уи гупсысэ нэхъыщхьэу щытын хуейр. Мы фильмым хэлэжьыхьа дэтхэнэми апхуэдэ гупсысэ иIауэ къызэлъытэ, дызыхуэзышауэ жыпIэ хъунури аращ. КъыщыпэмыщIауэ, фильмыр къыззгъэпэщыныжмкIэ щхьэпэ хъуа, си щхьэкIэ къызэдэIэпыкъуну хуейуэ сыт щыгъуи пэжу кьызбгъэдэт Сэралъп Альберт фIыщIэшхуэ хуэзощ. Сэбап къысхуэхъуа цIыху дахэхэм псоми я цIэ къисIуэнкъым, зыри сщыгъупщакъыми, Тхьэм фIыкIэ яхузгъэщIыжащ.

- Иджыпсту сытым иужь уит, Олег, мыщхэумэ? Зэман гъунэгъум лэжьыгъэщIэ дыпэплъэ хъуну?

- Иджыпсту сценарий сотх. Нарт эпосыр фильм сщIыну си гугъэщ. КупщIэр хэзэгубдауэ кьысщохъу. Абы къыщынэмыщIауэ, сызыщIапIыкIа адыгэ тарихъхъэр я пьабжьэу згъэхъэзырыну сыхуейуэ зы гупсысэ гуэрым сыкърехуэкI иджыпстуи, зэрыхъу тIыгъэгъункъэ. Си гуапэ хъунут си мурадхэр зэхэзыщIыкIын, гъэугу ныздытеувэн цIыхухэр зэхъыбэ хъуамэ. «Гуэрыдзэ» фильмыр къыдэкIрэ къыпэкIуэр тIыгъуэмэ, здэдунэтIынри нэхъ зэхэщIыкIыгъуэ хъункъэ?!

- УзыпэрыкI Iэхуу дахэ псори къэхъулIэну, насыпыр дэрэжьгъуэрэ ущымыщIэну, уи унагъуэ дахэр уи гуащIэм кьигъэхъуапIэ мыкIуэщI хуэхъуну ди гуапэщ, Олег!

P.S. *«Гуэрыдзэ» фильмым елэжьащ Санкт-Петербургрэ Къэбэрдей-Балъкъарымрэ щыщ IэщlагъэлIэхэр. Абы щыджэгуахэщ Москва щыпсэу артист цIэрыIуэ Сэралъп Роберт, Берлин гъуэзджэхэмкIэ и университетым олерзмкIэ и факультетым и магистратурэм щеджэ Мамрэш Светланэ, актёр икIи модель Хьэжкlуэн Алим, Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкlэ и институтым актёрхэр щагъэхьэзыр и факультетым и декан, актрисэ Балъкъар Тамарэ, артистхэу Тэмазэ Аулият, Кьардэн Заур, Дзэхъушокъуэ Мадинэ, Хьыдзэдж Борис, Бжьыхьэлl Замир, Борэ Елдар, Кьардэн ФатIимэ сымэ. Фильмым макъамэ щIэзыгъэвар композитор Къэбардокъуэ Муратщ, щыгъынхэмкIэ художникыр Сэралъп Мадинэщ, актёрхэм я ассистентыр Къэзанш Марианнэщ.*

Епсэлъар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Сурэтхэр тезыхар **Булатовэ Светланэщ.**

ПсынщIэу икIи зэщIэгъэуIуауэ

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и генерал-майор Надежин Михаил 2022 гъэм я лэжьыгъэм кьрикIуахэм теуха пресс-конференц иригъэкIуэкIащ.

НАДЕЖИНым къыззрыхигъэщащи, 2022 гъэм республикэм къыззрымыкIуэ щытыкIэу 1, социальнэ мыхьэнэ зиIэ къэхъуькъащIэу 27-рэ къыщыхъуащ.

МафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ Iуэхущ1апIэхэр псори зэхэту 2680-рэ ираджащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхъуащ мафIэс 1470-рэ, абыхэм къыхашащ икIи кърагъэлащ цIыху 780-рэ, сом мелард 1,4-м щIигъу и уасэ мылькуи зейхэм хуахъумащ. МафIэсхэм хэкIуэдащ цIыху 20, фэбжьэгъэ 53-м щIигъуэтащ.

- МафIэс-къегъэлакIуэ Iэнатlэхэр псынщIэуикIи зэщIэгъэуIуауэ Iуэхум зэрыбгъэдыхьэм и фIыгъэкIэ лыгъэхэм зрамыгъэубгъуу ягъэункIыфIащ. Гъэугу-транспорт къэхъукъащIэхэм я лъэужьхьэр гъэкIуэдыжьыным епха Iуэху 452-м зэтащ. Iэнатlэм и лэжьакIуэхэр, цIыху 16 кьрагъэлащ. Управленэ нэхъыщхьэм кIэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэмкIэ и органэхэм жылагъуэр мафIэсым щыхъумэным ехьэлIа къэпсэщынгъэныгъэ 293-рэ ирагъэкIуэкIащ илъэс кIуам. МафIэсым зыщыкъэмынмкIэ хабзэм къиргъуэвхэр уэим ящIу 2900-рэ къыщIэкIащ абыхэм икIи а ныкъуэсанылъэхэр ягъэзэкIуэжыныр зи кьалэнхэм тхыгъи 193-рэ яIэрыдгъэхьащ, административнэ хабзэм зэребэкъуар къыщыгъэлъэгъуа Iуэху 370-рэ къэтIэтащ. Ди жагъуэ зэрыхъуащи, республикэм и псыхэм цIыху 11 щыхэкIуэдащ. А гуэзвэгъуэхэр къыщыхъуащ зыщагъэпскIыну хуит щамыщI щыIпIэхэм, - жиIащ Надежин Михаил.

УнафэщIым къыззрыхигъэщащи, республикэм и бгыхэм Урысей МЧС-м и ПСО-м и лэжьакIуэхэм илъэсым къыщыщIэдзауэ къэлъэлъхъуэныгъэ-кьегъэлакIуэ Iуэхуи 140-рэ щрагъэкIуэкIащ, цIыхуи 128-рэ кьрагъэлащ, 12 щыхэкIуэдащ, 5 хъыбарыншэу кIуэдащ. Апхуэдэ нэщхьеягъуэхэр кьрокIуэ туристхэм я къарум кьихьынур зэрызэпамылъытым, бгым зэрыдэкI лъагъуэ кьэс ешьм и щхьэхуэныгъэхэр зэрилэм зэрыщымыгъуазэм, зыхуеинухэмкIэ тэмэму зэгъэпэщауэ гъэзгу зэрытемыхьэм, дунейм и щытыкIэм напIэзыпIэм зэрызихъуэжри зэрамыщIэм.

Надежин Михаил СМИ-м я лыкIуэхэм я упщIэхэм жэуап зэпкърыха яритащ, дызыхьыха илъэсым кьаупэщIт кьалэн нэхъыщхьэхэм щыгъуазэ ищIащ.

ЗэIущIэр Iуэху гуапэкIэ иуташ. МЧС-м зэфIих кьалэнхэр зэригъэзащIэ щыкIэр Iуащхьэмахуэ бгы-лъагъэ ПСО-м и лэжьакIуэхэм илъэсым кьыщыщIэдзауэ къэлъэлъхъуэныгъэ-кьегъэлакIуэ Iуэхуи 140-рэ щрагъэкIуэкIащ, цIыхуи 128-рэ кьрагъэлащ, 12 щыхэкIуэдащ, 5 хъыбарыншэу кIуэдащ. Апхуэдэ нэщхьеягъуэхэр кьрокIуэ туристхэм я къарум кьихьынур зэрызэпамылъытым, бгым зэрыдэкI лъагъуэ кьэс ешьм и щхьэхуэныгъэхэр зэрилэм зэрыщымыгъуазэм, зыхуеинухэмкIэ тэмэму зэгъэпэщауэ гъэзгу зэрытемыгъэлъэгъуа Iуэху 370-рэ къэтIэтащ. Ди жагъуэ зэрыхъуащи, республикэм и псыхэм цIыху 11 щыхэкIуэдащ. А гуэзвэгъуэхэр къыщыхъуащ зыщагъэпскIыну хуит щамыщI щыIпIэхэм, - жиIащ Надежин Михаил.

УнафэщIым къыззрыхигъэщащи, республикэм и бгыхэм Урысей МЧС-м и Iуащхьэмахуэ бгы-лъагъэ ПСО-м и лэжьакIуэхэм илъэсым къыщыщIэдзауэ къэлъэлъхъуэныгъэ-кьегъэлакIуэ Iуэхуи 140-рэ щрагъэкIуэкIащ, цIыхуи 128-рэ кьрагъэлащ, 12 щыхэкIуэдащ, 5 хъыбарыншэу кIуэдащ. Апхуэдэ нэщхьеягъуэхэр кьрокIуэ туристхэм я къарум кьихьынур зэрызэпамылъытым, бгым зэрыдэкI лъагъуэ кьэс ешьм и щхьэхуэныгъэхэр зэрилэм зэрыщымыгъуазэм, зыхуеинухэмкIэ тэмэму зэгъэпэщауэ гъэзгу зэрытемыгъэлъэгъуа Iуэху 370-рэ къэтIэтащ. Ди жагъуэ зэрыхъуащи, республикэм и псыхэм цIыху 11 щыхэкIуэдащ. А гуэзвэгъуэхэр къыщыхъуащ зыщагъэпскIыну хуит щамыщI щыIпIэхэм, - жиIащ Надежин Михаил.

ЗэIущIэр Iуэху гуапэкIэ иуташ. МЧС-м зэфIих кьалэнхэр зэригъэзащIэ щыкIэр Iуащхьэмахуэ бгы-лъагъэ ПСО-м и лэжьакIуэхэм илъэсым къыщыщIэдзауэ къэлъэлъхъуэныгъэ-кьегъэлакIуэ Iуэхуи 140-рэ щрагъэкIуэкIащ, цIыхуи 128-рэ кьрагъэлащ, 12 щыхэкIуэдащ, 5 хъыбарыншэу кIуэдащ. Апхуэдэ нэщхьеягъуэхэр кьрокIуэ туристхэм я къарум кьихьынур зэрызэпамылъытым, бгым зэрыдэкI лъагъуэ кьэс ешьм и щхьэхуэныгъэхэр зэрилэм зэрыщымыгъуазэм, зыхуеинухэмкIэ тэмэму зэгъэпэщауэ гъэзгу зэрытемыгъэлъэгъуа Iуэху 370-рэ къэтIэтащ. Ди жагъуэ зэрыхъуащи, республикэм и псыхэм цIыху 11 щыхэкIуэдащ. А гуэзвэгъуэхэр къыщыхъуащ зыщагъэпскIыну хуит щамыщI щыIпIэхэм, - жиIащ Надежин Михаил.

УнафэщIым къыззрыхигъэщащи, республикэм и бгыхэм Урысей МЧС-м и